



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI AKSÈ AK SWEN SANTE
POU NOUYÒKÈ YO**

Lejislasyon S.8486-C/A.9102-C gen rapò ak ranbousman Medicaid pou tretman an plas ak transpò nan anviwònman swen sante altènatif pa mwayen sèvis anbilans terès

Lejislasyon S.6226-A/A.5789-A prevwa disponibilite sèvis anbilans ak sèvis sekou nan reyanimasyon pou estoke ak distribiye san ak kòmanse administre transfizyon san

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislatif pou asire aksè ekitab nan swen sante esansyèl epi reyafime angajman New York pou pwoteje sante piblik ak amelyore rezilta pasyan yo atravè kominote yo.

"Administrasyon mwen an angaje pou fè fas ak disparite swen sante nan eta nou an epi asire tout Nouyòkè yo ka jwenn aksè nan swen yo bezwen ak merite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a asire tretman esansyèl ak transpò, epi pèmèt Nouyòkè yo konsantre sou byennèt yo pandan yon ijans olye pou yo enkyete pou depans finansye oswa disponibilite swen sante enpòtan yo lè yo bezwen li plis."

Lejislasyon S.8486-C/A.9102-C mande pou ranbousman Medicaid pou sèvis anbilans lè yo bay tretman an plas ak/oswa lè yo bay transpò nan yon lòt anviwònman swen sante olye de yon lopital jeneral.

Lejislasyon S.6226-A/A.5789-A otorize anbilans terès ak sèvis sipò premye sekou nan reyanimasyon pou estoke ak distribiye san epi kòmanse ak administre transfizyon san, reflekte otorizasyon yo bay sèvis anbilans ayeryen yo.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Atravè Eta New York, founisè EMS (sèvis medikal ijans) yo nan kriz, yo ap fè fas ak gwo defi ki menase kapasite yo pou yo rete ouvè, soti nan ranbousman ensifizan pou rive nan règ difisil ki anpeche yo bay swen pou sove lavi pandan demann pou sèvis yo ap grandi. Mwen fyè ke de nan pwojè lwa nou yo ki adrese dirèkteman pwoblèm sa yo se kounye a lalwa, ki finalman asire EMS yo pral peye pou swen yo pa ranbouse pou kounye a, tankou tretman sou plas, telemedsin, ak transpò espesyalize nan etablisman sante mantal ak pèmèt anbilans

terès pou pote ak administre transfizyon san bay pasyan ki sibi twomatis nan tout sitiwayon ijans, pa sèlman ant lopital yo. EMS se yon poto mitan nan sistèm swen sante nou an, espesyalman nan zòn rural yo ak nan zòn ki pa gen sèvis medikal kote yo ka pran plis pase yon èdtan pou rive nan yon lopital. Pwojè lwa sa yo pral imedyatman ranfòse EMS ak sove lavi, epi mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen yo."

Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare, "Sèvis Medikal Ijans yo bay swen esansyèl pou sove lavi nan tout eta a ki gen ladan èd dirèk alafwa sou plas ak nan transpò pou ale nan yon etablisman medikal. Sèvis sa yo espesyalman enpòtan nan zòn rural yo kote aksè nan lopital yo ka gen plizyè èdtan distans. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a jodi a epi fè yon gwo pa nan direksyon pou ranbouse founisè swen sante vanyan, devwe sa yo. Ba yo diskresyon pou detèmine lokal ijans ki pral pi byen sèvi bezwen pasyan yo non sèlman se bon sans, men tou li bay yon livrezon sèvis ijans ki pi efikas."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Senpleman mete, otorize depo san pou administre transfizyon sou anbilans pral sove lavi. Apre mwen te fin koute enkyetid enpòtan sekouris yo ak moun kap bay swen medikal ijans yo nan distri mwen an, mwen te travay pou pote yon solisyon lejislatif pou sove lavi yo. Mwen vrèman rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul nan sante piblik ak konsantre li sou amelyore aksè a bon jan kalite swen nan eta nou an."

Prezidan NYSAC, Benjamin Boykin II, te deklare, "Jodi a, Gouvènè Hochul ap reponn a apèl ijans founisè EMS New York yo nan siyen lejislasyon k ap ba yo finansman ak fleksibilite yo bezwen pou sove lavi. Nan tout eta a, nou te wè tan datant anbilans yo ogmante pandan founisè EMS yo ap lite ak depans k ap monte, gwo demann pou sèvis de plizanpli konplèks, ak egzijans Medicaid demode ki ranbouse founisè EMS sèlman lè yo transpòte yon pasyan ale nan yon lopital. Lè Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa Tretman an Plas (Treatment in Place) la, li bay founisè EMS yo otonomi pou yo bay pasyan yo swen yo bezwen sou plas la, oswa transpòte yo nan yon kote ki pi apwopriye tankou klinik sante mantal, etablisman pou abi sibstans, oswa swen ijans, san yo pa penalize finansyèman. Konte yo felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a pou angajman yo pran pou ranfòse sipò EMS nan Eta New York."

Prezidan Komite Lejislatif New York State Volunteer Ambulance and Rescue Association, Steven Kroll, te deklare, "Gouvènè a ak Lejislati a te pran yon angajman sou plizyè ane pou amelyorasyon ak investisman nan sèvis medikal ijans. New York State Volunteer Ambulance and Rescue Association rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York paske yo te adopte nouvo lwa sa yo ki pral amelyore sèvis medikal ijans nan tout Eta New York. EMT ak anbilansye yo se premye pwofesyonèl sante moun wè lè yo malad ak blese epi nouvo lwa sa yo bay klinisyen EMS yo plis zouti pou pran swen kominote yo. Lwa Trete an Plas la pral pèmèt itilizasyon efisyan ak efikas resous swen sante atravè peman founisè a lè sèvis EMS bay pasyan swen san transpò anbilans pou ale lopital. Lwa transfizyon san nan anbilans terès la pral byen vit pote transfizyon pou sove lavi pasyan ki gen blesi grav. Tou de nouvo lwa yo demontre angajman New York pou yo vin yon lidè nan inovasyon ak kalite sèvis medikal ijans yo."

Prezidan Konsèy EMS Eta New York la, Mike McEvoy, te deklare, "Ranbousman sèvis anbilans pou swen yo bay san transpò lopital oswa pou transpò nan klinik, sant swen ijans, oswa lòt destinasyon ki pa lopital, pral amelyore aksè nan swen ijans pou Nouyòkè yo pandan y ap diminye depans yo anpil. Anvan yon pasyan k ap senyen enpòtan rive nan yon lopital, administrasyon san ka diferans ki genyen ant lavi ak lanmò. Moun New York ak sèvis medikal ijans nou yo dwe felisite Gouvènè Hochul paske li siyen de lwa sa yo k ap sove lavi."

Prezidan United New York Ambulance Network, Direktè Egzekitif Rockland Paramedic Services, ak Direktè Egzekitif Jeneral Rockland Mobile Care, Timothy P. Egan, te deklare, "United New York Ambulance Network (UNYAN) remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te adopte lwa sa yo. Yo pral gen yon gwo enpak sou sistèm medikal ijans ak sou swen sante jeneral Nouyòkè yo. Lwa Tretman an Plas / Transpò pou Lòt Destinasyon an pral asire ke founisè sèvis anbilans yo jwenn ranbousman pou swen yo bay chak pasyan Medicaid nan chak senaryo, pou ranfòse EMS ak sistèm swen sante an jeneral. Lwa transfizyon san anbilans terès la pral amelyore anpil rezilta pasyan yo ak pousantaj sivi pasyan ki blese grav ak sibitman atravè Eta New York. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul ak Depatman Sante paske yo rekonèt enpòtans de pwojè lwa sa yo epi fè yo vin yon reyalite."

Prezidan Uniformed EMTs, Paramedics & Inspectors-FDNY, Oren Barzilay, te deklare, "Nan non plis pase 4000 manm nou yo, nou bat bravo pou Gouvènè a ki te siyen de ekselan pwojè lwa EMS sa yo. Pwojè lwa sa yo pral ede founisè EMS yo anpeche pèt finansye nan jere apèl kote manm yo trete pasyan yo sou teren oswa lakay yo san yo pa oblije transpòte nan yon lopital ki ka anpil kilomèt distans nan kèk pati nan New York. Lè yo ba nou kapasite pou pote san antye nan anpil nan anbilans nou yo epi fè transfizyon nan an plas te pwouve se yon bagay ki sove lavi lè segonn konte. Sa a se yon lejislasyon briyan. Nou felisite Gouvènè Hochul pou vizyon li nan apwouve de lwa enpòtan sa yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)